

March 13, 2018

Rick Scott
Governor
■■
Barbara Palmer
Director
■■
State Office
■■
4030 Esplanade Way
Suite 380
Tallahassee
Florida
32399-0950
■■
(850) 488-4257
Fax:
(850) 922-6456
■■
Toll Free:
(866) APD-CARES
(866-273-2273)

Chè Kliyan APD, Paran, oswa Gadyen:

Kòm pa twò lontan de sa nan dat 14 ak 15 fevriye, plizyè anplwaye Ajans pou Moun Ki Andikape yo te viktim de “phishing emails”. Phishing se yon tip de atak sou entènèt yo itilize pou twonpe moun nan divilge enfòmasyon sansib atravè komunikasyon elektwonik kote ke yo imite yon sous fyab.

Ajans pou Moun Andikape (APD) imedyatman te kòmanse envestige sou vyolasyon sekirite potansyèl sa a, e ankèt la ap kontinye. **Pou kounye a la a, pa gen okenn endikasyon ki di ke nenpòt enfòmasyon sansib konpwomèt, sa pa ekskli enfòmasyon paran yo oswa gadyen yo.** Sepandan, avèk anpil prekosyon nou ap voye yon notifikasyon bay tout kliyan APD paske sa ki te enkli nan kont imèl sa yo se tenon kliyan yo, adrès, dat nesans, ak Nimewo Sekirite Sosyal yo. Pa gen okenn endikasyon ki te di ke enfòmasyon sansib pou paran oswa gadyen yo gen dout.

Ajans pou Moun Andikape (APD) pran zafè sa a trè seryezman e li te pran mezi sa yo pou pwoteje enfòmasyon pèsonèl, tankou pran mezi rapid pou ede anpeche kalite evènman sa a rive ankò. 16 fevriye, APD aplike yon aktyalizasyon sekirite pwogramme ki egzije otantifikasiyon plizyè-faktè pou anpeche moun san otorizasyon jwenn aksè nan sistèm imel APD a.

Nan moman sa a, APD pa gen okenn rezon pou kwè ke enfòmasyon pèsonèl moun yo te mal itilize. Yon fwa ankò, ak anpil pridans ak pou ede moun detekte nenpòt ki move utilizasyon posib enfòmasyon sa a, nou ap bay yon abònman yon lane ki gen yon sèvis siveyans kredi, Experian, pou moun ki afekte anpil yo. Sèvis sa a pral gratis pou kliyan APD yo. Pou plis enfòmasyon, rele liy dirèk APD a nan 1-855-476-1180.

Sou lòt bò paj lèt sa a se enfòmasyon sou pwoteksyon fwod. Ankò, nou pa gen okenn endikasyon ki di ke te gen aksè ak okenn enfòmasyon sansib. Si ou ta gen kesyon oswa bezwen èd, ou ka kontakte m nan imèl mwen ki se HIPAA@APDCares.org.

Sensèman,

Dana E. Quigley

Dana E. Quigley, Esq.
Règleman Ofisyèl HIPAA (HIPAA Privacy Officer)

METE YON ALÈT FWÒD 90 JOU SOU DOSYE OU-Yon premye alèt sekirite 90 jou endike a nenpòt moun ki mande dosye kredi ou ke ou sispèk ou se yon viktим fwod. Lè ou menm oswa yon lòt moun eseye louvri yon kont kredi nan non ou, ogmante limit kredi a sou yon kont ki déjà egziste, oswa jwenn yon nouvo kat sou yon kont ki déjà egziste, kreditè a ta dwe pran mezi sa yo pou verifye ke ou te otorize demann lan. Si kreditè a pa ka verifye sa a, demann lan pa ta dwe satisfè. Ou ka kontakte konpayi rapò kredi sa yo anba a pou asistans.

Equifax 1-888-766-0008 www.equifax.com	Experian 1-888-397-3742 www.experian.com	TransUnion 1-855-681-3196 www.transunion.com
--	---	---

KÒMANDE RAPÒ KREDI ANYÈL OU GRATIST—Vizite

www.annualcreditreport.com oswa rele 877-322-8228. Yon fwa ou resevwa rapò kredi ou, revize li pou dezakò epi verifye ke tout enfòmasyon kòrèk. Identifye nenpòt ki kont ke ou pa t louvri oswa demann enfòmasyon kèk kreditè ke ou pa t otorize. Si ou gen kesyon oswa ou remake kèk enfòmasyon ki pa kòrèk, kontakte konpayi rapò kredi a.

JERE ENFÒMASYON PÈSONÈL OU-Pran mezi tankou: pote sèlman dokiman ki esansyèl yo; konnen ak ki moun ou ap pataje enfòmasyon pèsònèl ou epi chire resi yo, deklarasyon yo, ak lòt enfòmasyon ki sansib.

SÈVI ZOUTI KE KI FOUNISÈ KREDI YO BAY-Ak anpil atansyon revize rapò kredi ou yo ak relve bankè yo, kat kredi ak relve lòt kont. Rete aktif epi kreye alèt sou kat kredi ak kont labank pou notifye ou de aktivite. Si ou dekouvri aktivite san otorizasyon oswa sispèk sou rapò kredi ou oswa pa nenpòt lòt mwayen, ranpli yon rapò vòl idantite avèk lapolis lokal ou epi kontakte yon konpayi evalyasyon kredi.

JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU VÒL IDANTITE AK FASON POU PWOTEJE TÈT OU

Vizite <http://www.experian.com/credit-advice/topic-fraud-and-identity-theft.html> pou enfòmasyon jeneral konsènan pwoteje idantite ou.

Komisyón Federal Komès la gen yon liy dirèk pou idantite vòl: 877-438-4338; TTY: 1-866-653-4261. Yo menm bay tou enfòmasyon sou entènèt nan www.ftc.gov/idtheft.